

D+S

M

**Konsolasion Lazar**

Lc 16,19-31

26<sup>e</sup> dimanche ordinaire C

Paroles et Musique : 15-09-2010

S. Hermann

- |   |  |
|---|--|
| 1. La jan pa mèt nou,<br>Sé nou ki mèt li,<br>Jan-n fè avèk li,<br>Fò-n rann kont.  | 1 Tm 6,9-10 ; Mt 6,24 ; 19,21-26 ; 5,3<br><br>Qo 11,9 ; Lc 19,11-26 ; 16,2 ; 12,13-21<br>Mt 5,5 ; 2 Co 1,3-7 ; Is 52,9 ; 66,13 ; 40,1 ; 50,4 |
| <b>R. Konsolé-m, konsolé-m, konsolé-m, o,<br/>Konsolé-m, konsolé-m, konsolé-m, o,<br/>Konsolé-m, konsolé-m, konsolé-m, o,<br/>Pran pitié.</b> | Lc 17,13 ; 18,38 ; Lm 1,12   |
| 2. Mové rich la minm<br>Avèk bèl rad li<br>Ap fè fèt chak jou<br>San rété.  | Lc 16,19 ; Pr 31,22 ; Ez 16,13 ; Ap 18,12  |
| 3. Manjé sou tab li<br>Tonbé atè-a,<br>Laza minm grangou<br>Pou bon tan.  | Lc 16,21<br><br>Lc 16,21 ; 15,16 ; 22,15.16.18   |
| 4. Tout kò-l sé bès o,<br>Chyin ap niché yo,<br>Li pa minm kapab<br>Fè mouvman.   | Lc 16,20 ; 10,30   |
| 5. Sé Granmèt la minm<br>K-ap poté-l sékou,<br>Li minm ki té fè<br>Sièl ak tè.  | Ps 121,2   |
| 6. Nou tout sou tè-a<br>Sé étranjé n-yé,<br>Sé Bondié k-sèl mèt<br>Tout bagay.  | Lv 25,23 ; Ps 39,13 ; 119,19 ; 24,1 ; 1 Ch 29,15 ; He 11,13 ; 13,4   |
| 7. Nou mèt mét non nou<br>Sou tout tè nou yo,<br>Yo pap sonjé nou<br>Tankou van.  | Ps 49,12   |
| 8. Anj yo pot Laza<br>Nan Rouayòm sièl la<br>Rich la antéré<br>Nan lanfè.   | Lc 16,22 ; 6,21  |
| 9. Sé pa nan lanfè<br>Nou kab lapriyé,<br>Si-n pa-t gin bon kè<br>Pou sa-k pòv.   | Lc 16,23-31<br>Mi 2,9 ; Is 58,7 ; Ne 5,1-13 ; St 15,7-11 ; Am 6,4-7 ; Jc 2,1-9 ;<br>Mt 25,42 ; Lc 16,9 ; Am 2,6 ; Tob 12,8                   |
| 10. Sé pou-n pran modèl<br>Sou bon kè Bondié,<br>Ki lévé pòv la<br>Sot atè.   |  |